



## Avantaj Sèvis Entènèt Rapid an Ijans Enfòmasyon pou Kliyan

Avantaj sèvis entènèt rapid an ijans an yon [pwogram FCC](#) tanporè pou ede fanmi epi kòkay k ap konbat pou jwenn mwayen pou peye sèvis entènèt rapid pandan pandemi COVID-19 la.

Avantaj sèvis entènèt rapid an ijans lan ofri:

- Jouk 50\$ rabè pa mwa pou sèvis entènèt rapid ;
- Jouk 75\$ rabè pa mwa pou kòkay ki sou teren yon tribi ; epi
- Yon sèl rabè inik ki gendwa jouk 100\$ pou yon laptop, òdinatè fiks, oubyen tablèt ki achte nan magazen k ap patisipe nan pwogram lan si kòkay la kontribye plis pase 10\$ men mwens pase 50\$ nan pri dacha a.

Avantaj sèvis entènèt rapid an ijans lan gen sèlman yon rabè pa mwa pou sèvis la epi yon rabè pou aparèy la pou chak kòkay.

### Kiyès ki admisib?

Yon kòkay admisib si yon moun nan kòkay la satisfè youn nan kritè ki annapre a:

- Gen yon revni ki egal oubyen mwens pase 135% direktiv federal sou povrete (Federal Poverty Guidelines) oubyen patisipan nan sèten pwogram asistans, tankou SNAP, Medicaid, oubyen [Lifeline](#) ;
- Resevwa avantaj nan kad pwogram kantin midi oubyen maten gratis oubyen a ba pri lekòl la, oubyen te ladan l nan lane eskolè 2019-2020 an ;
- Resevwa yon sibvansyon Pell federal pandan ane prim alèkile a ;
- Sibi yon gwo pèt salè an rezon pèt anplwa oubyen konje depi samdi 29 fevriye 2020 ; oubyen
- Satisfè kritè admisiblite pou moun ki gen ti salè oubyen pou pwogram COVID-19 yon konpayi ki founi sèvis entènèt rapid epi k ap patisipe nan pwogram lan.

Gade nan [www.fcc.gov/broadbandbenefit](http://www.fcc.gov/broadbandbenefit) pou yon **lis kesyon kliyan poze ansanm ak repons yo** epi pou lòt resous pwogram ki egziste.

### Gen twa fason pou fè yon demann

1. **Kominike an dirèk avèk konpayi ki founi sèvis entènèt ou pi pito a** pou w konnen pwosesis aplikasyon pa yo a.
2. **Gade nan [GetEmergencyBroadband.org](http://GetEmergencyBroadband.org)** pou w ranpli yon aplikasyon anliy epi pou w jwenn yon konpayi pre lakay ou a k ap patisipe nan pwogram lan.
3. **Sonnen 833-511-0311 pou yo voye yon aplikasyon pa lapòs ba ou**, epi retounen aplikasyon an avèk prèv ou kalifye bay:

Emergency Broadband Support Center  
P.O. Box 7081  
London, KY 40742

**Sonnen 833-511-0311**

oubyen jwenn plis enfòmasyon sou avantaj sèvis entènèt rapid ijan an  
(Emergency Broadband Benefit) nan [www.fcc.gov/broadbandbenefit](http://www.fcc.gov/broadbandbenefit)